Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 19 (7368)
7 Май 2019 сон
Талат
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

КIудияб Бергьенлъиялъ – 74 сон!

## Даимлъараб Бергьенлъи



Исана 74 сон тIубана инсаниядалъул тарихалда жаниб киданиги букIинчIеб гIадаб рагъ лъугIаралдаса. Фашистазул чакмабаз мерхьана тIолабго Европа, ракIалдаго гьечIого ва тохлъукьего кIанцIана нилъер гIагараб ВатIаналде, рахъана шагьарал, рухIана росаби, асир гьаруна гIадамал, жидецаго рахьарал ракьазда чIезабуна хасал низамал, киса-кирего тIибитIизануна вахIшилъи ва пасалъи. Гьеб инжитлъи нилъер бахIарчияб халкъалъ хIехьечIо ва байбихьана рецIелалъулаб рагъ.

Байбихьудасаго ахиралде щвезегIан, кIалдиб рухI букIаго цIунана эбелаб ракь. Регана амбразурабазда цере, самолетал речIчIизарун, кьвагьизаруна фашистазул эшелонал, нилъго ракъун рукIадго фронталъе битIана ретIел-хьит, квен-тIех ва гь.ц. Гьеб гьедин гьабуна тушманасде бугеб рокьукълъиялъ ва щиналъ. АхIи букIана «Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе гIоло!», - абураб. Гьеб ахIиялда гьоркь тIубараб улкаго сверун букIана рагъулаб лагералде. Гьеле гьедин цIунана нилъеца ВатIан. Даимаб ва абадияб рецц буго чIаго ругел рагъул ветеранаze, кIвахI тун тылалда хIалтIаразе!

Жакъа нилъеца байрам кIодо гьабулеб буго рекIелъ кIудияб чIухIигун ва рохелгун. РакIал къварилъула рагъдаса руссинчIел нилъер гIолохъаби ракIалде щведал. Жакъаги чIегIер бахъун гьечIо рагъда россал чIварал руччабаз. Чан рагъухъанасул эбел вас вуссиналда хьулги къотIичIого, хвалил бусадаги егун, лъимералъул цIар ахIун рухI босун хварай, чан бахIарай къороллъарай, чан лъимер бесдал гьабураб! БитIахьего ракI гьанцIизабула гьелги гьеза бихьараб гIакъуба-гIазабги ракIалде щведал. Гьеле гьеб балагь рештIинабуна нилъеде гитлерилаз. Амма, кинабго гьеб ана кIочене рес гьечIеб тарихалде. Кин бугониги, жакъа байрамалъул къоялъ бокьун буго районалъул жамагIаталъе лъикIабщинаб гьаризе. Аллагьас нилъеда, лъамалазда, гьезулги лъималазда бихьизе ва рагIизе хъван батугеги рагъги гьелъул кьогIлъиги. Кидаго букIа абе роцIцIараб, бацIцIадаб зоб! Гьарула районалъул жамагIаталъе даимаб рекъел, щивасе щулияб сахлъи, гIемерал сонazул гIумро, талихI ва гьабулебщиналъулъ икъбал!

ГI. НУРМУХIАМАДОВ
«Унсоколо район» МОялъул БетIер.

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

от 29.04.2019г.№23

**О назначении даты проведения первого заседания вновь избранного Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» седьмого созыва**

Руководствуясь частью 10 статьи 22 Устава муниципального образования «Унцукульский район», частью 7 статьи 8 Регламента работы Собрания депутатов муниципального района и в связи с избранием Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» в правомочном составе, территориальная избирательная комиссия.

Постановляет:

Назначить на 7 мая 2019 года проведение первого заседания вновь избранного Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» седьмого созыва.

**Заместитель председателя ТИК** **А.Абакаров**

## Барка, ТалихIаб Май!

ЗахIматалда тIегь бараб, тIогьолъ ракьал рахчараб
Сверухълъи чIаголъулеб, чIухIараб май рещтIана.
ХъахIал маккал роржана, гьормал талихIалъ цIуна.
Майги Рекъелги баркун, байрахъал парпадана.

Ракълие гьаракь кьолеб, чахъаги, мун, Россия!
Кьалде халкъал ахIулеб кантIе, мун Америка!
ЦIуне ракьалда гIумро, тIагIине тоге чилъи
Бегьуге ракълиде квер, нагIана даимлъулин.




## ТIад руссинчIел цIумал

ВатIан цIунун рагъарал, цIумал гIадал дир васал,
ЦIар зобалазда хъвазе мустахIикъал бахIарзал!
БахIаралда къвал базе къо щвечIел шагьидзаби,
Щиб ракьалда нуж ругел, кьижун даималъ бице?
Нужер цIар ахIаралги кIудадаби рахъанин
Руссунарищ нуж рокьор, къвакIарал гIолохъаби?
БахIарзални руго нуж, гIаздада цIа бакарал
ЦIадудаса къачIого кьараб рачел чучичIел.
Чилъи, намуси, яхIги ясбер гIадин цIунарал
Сардилъ цIваби киниги даим кенчIолел ругел.

**Суайбат ХIамзатова.**

## Коррупциялде данде



Араб анкьалда районалъул администрациялда букIана коррупциялде данде чIеялъул Комиссиялъул данделъи. Гьениб гIахьаллъи гьабуна комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас, хъаравуллъи гьабиялъулгин хIисаб-суалалъул палатаялул пред. Ж. Шамсудинов, районалъул бетIерасул тIоцевесев зам. С. АрулмухIамадовас, райадминистрациялъул аппарат-управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиевалъ ва цогидалги хIалтIухъабаз.

Къойил темаялда рукIана гьал хадусел суалал:

* Районалъул администрациялде гIадамазул рачIарал гIарзабазул хал гьаби, хъаравуллъиялъулгин хIисаб-суалалъул палатаялъул хIалтIул хIасилал.

* Коррупциялда хурхун районалда гIуцIараб мониторингалъул хIасилазда рекъон общественнияб пикру.

Гьел суалаздасан кIалъана хIисаб-суалалъул палатаялъул пред. Ж. Шамсудинов, аппаратальул нухмалъулей П. ГIалиева, информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалаздасан рекъон кколел хIукмабиги къабул гьаруна.

***

Ургъел бигьалъула гIакълу данд бани,
ГIалимавгун рекъон къойихъ балагьун.
ГIумру бигьалъула гьабизе лъани,
Лъай бугелгун ургъун, уяб ккунани.

***

Азбар-къоноялда малъалда хъурще,
Щивасда рекъараб рокъоб рацIцIалъи.
КъватIахъе унелъул ретIа-къан вукIа,
Къимат лъикIаб кьолин балагьараца.

**Инхоса ГIалихIажияв**



Насих1атчилъи проект

# НасихIатчилъиялъулъ буго хвасарлъи



**18-19 апрелалда МахIачхъалаялда «Сообщество» абураб рамкаялда жаниб тIобитIана Северияб Кавказалъул федералияб округалъул ишалъулал гIадамазул форум. Гьеб тIобитIулеб букIана РФялъул общественнияб Палатаялъ. Нилъер районалдаса форумалда гIахьаллъана районалъул Общественнияб Палатаялъул пред. М. ГIабдулаев, районалъул бетIерасул зам. М. ХIасанова, районалъул «Ахихъан» газеталъул бетIерай редактор С. КъебедмухIамадова.**

Форум тIобитIана батIи-батIиял секцияздеги бикьун. Гьел рукIана гIолилазе насихIатчилъи букIинабиялъул, кинабго рахъалъ Россия лъазабиялъул, захIмат, щивав хIалтIудалъун хьезавиялъул, экономикиял, профсоюзалъул роль борхизабиялъул, миллатазда гьоркьосел ахIвал-хIалал, захIматалъулаб общество цебетIезабиялъул, гIадамазул, хасго гIолилазул хIаракатчилъи борхизабиялъул, чиясулаб капитал букIинабиялъе гIолилазе гьабулеб насихIатчилъи цебетIезабиялъул, шагьарал-росаби церетIезариялъул, гIажизал гIадамазул хIалтIул рынок гIуцIиялъул, социалияб предпринимательствалъул, гIолеб гIелалъе лъай кьеялда цадахъго махщел щвезе рес кьеялъул, хIажатазе, унтаразе РФялъул Президентасул грантал щвеялъе гьабизе кколелъул, «Одноэтажная Россия»,-абураб проекталда рекъон гIумро гьабиялъе жанир чIолел бакIал разе рес кьеялъул, росдал магIишаталда хъизаналъулал организациял рагьиялъул, «Стратегия Дагестан-2035г.» проект хIалтIизабиялъул. Гьединго захIмат гIуцIулаго общественнияб хIаракатчилъиялъе рес кьей, ЖККялъул хIалтIи хIасил кьоледухъ гIуцIи ва цогидалги суалал жанире рачарал проектал дандрана гьенир.

Дунго гIахьаллъараб «Наставничество» ТIолгороссиялъул проекталда тIадчIей гьабизе бокьун буго дие. Цогидал проектаздаго гIадин цIикIкIараб кIвар кьеялда гъоркь ана насихIатчилъи хIалтIизабиялъул ва цебетIезабиялъул суал гьоркьоб лъей. Гьелъул бахIсалда цадахъ бихьизабулеб букIана улкаялъул ва Дагъистаналъул школазда ва коллективазда гIолилазе гьабулеб насихIатчилъиялде кьезе бугеб кIваралъул. Гьелда цIар тун буго «Эстафета поколений»,-абун. МахIачхъалаялъул Творчествалъулаб рокъоб чIахIиял классазул цIалдохъабазе насихIатчилъиялъулабгун ишалъулаб хIалтIи бихьизбулеб букIана экраналда. Педагогазул бихьизабиялда рекъон гьениб букъулеб буго ретIел, цогидабги рукъалъул къайи, гьарулел ругоан тIагIамал квенал, ай киналго ишазе ругьун гьарулел ругоан гIолеб гIел.

КIалъазе вахъарав Ингушетиялдаса вакилас бицана; жидер республикаялда гIолилаз гьабураб цо такъсирчилъияллъулги хъвай-хъвагIай гьечIин, кинаб букIаниги гьез гьабулеб гъалмагъарчилъи, квешлъи республикаялда букIунарин. Жидеца киса-кирего хIалтIулъ, цIалулъ гIолилазда аскIор насихIатчагIи лъолин, гьезул мисалалда куцалин гIолилал, гьелъул хIасилалда квешлъиялде цоники гIолилав унарин, лъикIал, хIалимал, бажари бугел гIадамаллъунги гIолин. Гьевго вакилас бихьизабуна лъаялъул ва бажариялъул хазина кколин гIумро бихьарал ва тарбия щварал гIадамал. Жидер регионалда гIатIидго хIалтIизабулин насихIатчилъи. Гьенибго кIалъазе рахъараз тIадчIей гьабуна лъай ва тарбия кьолел букIазда тIад экономия гьабуни туснахъал гIатIид гьаризе кколин.

Суал лъуна: бугищ Дагъистаналъул букIинесеб?,-абун. Жаваб кьуна: буго гIицIго насихIатчилъиялъулаб нухалдалъун,-абун. ГьабсагIаталда республикаялда щивав гIолиласда аскIов лъезе кколин насихIатчи,-ян бихьизабуна гьенир хадур кIалъазе рахъаразги. Нилъер ахириял саназул лъугьа-бахъиналги хIисабалде росун, гьеб битIараб нухги буго.

ТIолгороссиялъул «Эстафета поколений» проект бихьизабун буго ветераназ улкаялъе насихIатчилъиялъулаб роль хIалтIизабиялъе, гьес жидецаго нахъа тараб гIумро, кIудияб насихIатчилъиялъулаб хIалбихьи гIолеб гIелалда тIад асар гьабиялъе хIалтIизабиялде. ХIакъикъаталдаги гьабсагIаталда гьелде х1ажат буго Дагъистан.

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

# ГIадамал тIаде къабул гьаруна



Араб анкьалда тасдикъ гьабураб графикалда рекъон жидерго суалалгун рачIарал гIадамал тIаде къабул гьаруна «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. БатIи-батIиял рукIана гIадамазул суалал; гIумро гьабиялъулъ дандчIвалел захIмалъзабазул, хIалтIуда лъеялъул ва гь. ц. Масала, Генуб росулъа ХIалимат МухIамадгIалиевалъул гьари букIана Федералияб гIолохъанал хъизаназе кумек гьабулеб программаялдасан кумек щвеялъе документал гьариялъе квербакъи гьабе,-ян. Гьеб суал ГI. НурмухIамадовас жиндирго кIвар кьеялде гъоркье босана. ХIалиматил буго лъабго лъимер, гьечIо чIара-хьараб хIалтIулеб бакI.

РакIалде щвезабулеб буго: районалъул бетIерасухъе рачIине хъвай-хъвагIай гьабизе бегьула Шамильхъала поселокалда бугеб администрациялда. **2** этаж, приемная, радал сагIат **9** тIубаралдаса къасе щуго тIубазегIан. Тел.: **55 62 82**. ТIаде къабул гьарула щибаб моцIрол арбагI къоялъ.

Нухмалъулесухъе тIаде къабул гьаризе цIех-рехалъ рачIине бегьула бетIерасул замазухъеги. Гьединго нужерго гIарзал ритIизе бегьула электроннияб адресалде, интернет-приемниялде. Администрациялъул официалияб сайталде. Администрация муниципального образвания «Унцукульский район» . **Uncukul.ru**

# РухIиял вакилзабазул данделъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас хIалтIулаб дандчIвай гьабуна РДялъул Муфтияталъул рухIиял вакилзабазулгун. Гьел ккола Муфтияталъул Унсоколо районалда вугев лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамад ГIумаров ва МугIрул территориалияб округалъул лъай кьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIарип МухIамадов. ДандчIваялда гIахьаллъана бетIерасул зам М. ХIасановаги.

БакI ккун букIаго абизин; М. ГIумаров ккола нилъер районалде рухIияб лъай борхизабиялъе витIарав нухмалъулев, гьев ккола РДялъул Муфтияталъул полпредасул пресс-секретарьги.

ДандчIваялда дандрана динияб лъай кьеялъул рахъалъ Муфтиятги районги цадахъ рекъон хIалтIиялъул суалал. Балагьана унеб бугеб соналъ гьабизесеб хIалтIул планалъухъ. ДандчIвай ана цоцада ричIиялъул ахIвал хIалалда.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 19 (7368)
Талат
7 Май 2019 сон

3 гьумер

# Садовод

**Страница в номере**



# Магомед Гамзатов: «Наша завтрашняя жизнь — это результат наших сегодняшних решений»



В свои тридцать с небольшим молодой, перспективный Гамзатов Магомед Абдурахманович уже заместитель главы муниципалитета. Магомед Гамзатов вот уже несколько лет курирует вопросы общественной безопасности Унцукульского района. И в ходе беседы, в своем интервью он рассказал немного о себе, о своей работе, и о деятельности в сфере антитеррора.

**Магомед Абдурахманович, думали ли вы когда-нибудь, что пойдете в политику? Что станете заместителем главы?**

Сказать да - будет скорее не правдой, так как найти себя в этой профессии решил, смотря на жизненный путь своего покойного отца, который был для меня примером для подражания и являлся авторитетом. Во мне с юношеских лет появилось желание пойти по его стопам. Я, смотря на него видел, что это путь не из легких, но меня как сына настоящего патриота своей Родины, трудности никогда не пугали.

**Расскажите немного о себе. Как все начиналось?**

Окончив Унцукульскую СОШ №1, с довольно-таки хорошими результатами, я поступил на юридический факультет правовой академии в 2002 году. После окончания учебы устроился в Федеральную службу судебных приставов, где проработал 8 лет. Находясь на этой работе, мне поступило предложение о работе на должности юриста в районной администрации. И я решил попробовать себя в этом направлении, так как эта была моя родная стихия. Проработав юристом в администрации не долгое время, я был переведён на более ответственную должность - на должность заместителя главы администрации МО «Унцукульский район» по вопросам общественной безопасности. И вот уже как третий год курирую вопросы общественной безопасности.

**И с чего вы начали на новой должности?**

Не смотря на молодой возраст, 32 года, когда начал работать в этой должности, люди поверили в меня, поверили в мои намерения изменить в районе что-то в лучшую сторону. И в первую очередь, я начал с налаживания отношений со всеми службами района, это и духовенство района, и правоохранительные органы и с самой администрацией. Одним из самых важных направлений для меня было и остается воспитание молодежи в духе патриотизма. В этом вопросе огромную поддержку моей работе даёт Отдел Просвещения при Муфтияте Республики Дагестан по Унцукульскому району. И я продолжу делать все ради того, чтобы как можно больше положительного досталось от моей трудовой деятельности в целом для района. Наша завтрашняя жизнь — это результат наших сегодняшних решений.

**И в действительности, в нашем районе очень большое внимание уделяется молодежи, и как вы отметили воспитанию молодежи в духе патриотизма. А вы сами о чем мечтали в детстве, юношестве? Какой сферой деятельности думали заняться?**

Как много всего мы пробуем, когда ищем себя и свой путь в жизни. Но что получится, понятно лишь когда ты повзрослел, и когда появились возможности посвятить выбранному время, силы и средства.

А на счет сферы … Меня привлекала работа в прокуратуре, считаю ее одной из самых сложных, опасных и насыщенных. Было большое желание устроиться в прокуратуру, но сложилось все немного иначе, чем я и в общем и целом тоже доволен.

**Ваши взгляды на жизнь 10 лет назад и сейчас?**

Как ни странно, взгляды на жизнь в промежутке 10 лет существенно изменились. Многое приходится принимать, как оно есть со временем. А в юности всегда есть мечта, что все можно изменить. И то, и другое имеет свои положительные стороны.

Вы сталкиваетесь с трудностями на работе в связи со своим довольно молодым возрастом? Ведь на данный момент среди управленческого состава района вы самый молодой.

Так как с самого начала работал в этой сфере и по профессии, набирался и опыт, и сложились определенные навыки, а также контакты. Так что, работа удается сравнительно не сложно. Единственное могу отметить в вопросе сложности – это субординацию. И необходимость находить общий язык со всеми независимо старше или младше, что я думаю со временем у меня и получилось.

И возраст, как раз имеет здесь немало важную роль, поскольку эта работа требует много энергии, сил, решительности и активности. И курировать безопасность означает непосредственное взаимодействие со всеми правоохранительными системами района, и соседних районов и Республики в целом.

**А также не трудно, безусловно, работать с такими сотрудниками.**

Вот как раз команды и касается наш следующий вопрос. Тяжело быть начальником, управлять своей командой, ведь под вашим руководством работают несколько человек?

Команда отличная, как признано в Республике, самый лучший аппарат АТК в горно - территориальном округе. Я человек командного духа, а командная работа учит доверять, спорить и договариваться. И командная работа – это способность работать вместе в направлении общего видения. Считаю, что в команде ценен каждый человек. И наша команда может рассчитывать на поддержку и взаимовыручку.

**Не трудно работать в такой сфере как антитеррор, ведь довольно тяжёлая сфера?**

Как и сказал ранее не трудно так как, имел опыт и стаж работы в службе судебных приставов и работать в этой сфере мне нравится. И вот уже проходит третий год, привык и все сложилось. Планирую продолжать, скажем «не покладая рук», потому что Унцукульский район, он много лет страдал. Здесь происходили большие события по линии экстремизма и терроризма, и в районе еще предстоит немалая работа. А на сегодняшний день обстановка в районе стабильная и контролируемая. Думаю, многие согласятся с тем, что в последние годы в нашем районе произошло немало хороших перемен в этом направлении. Люди видят, что жизнь меняется в лучшую сторону, и этому способствует позиция местной власти.

**Раз мы начали о позиции местной власти, скажите пару слов о руководстве района.**

Повезло работать бок о бок с таким человеком как Иса Магомедович. Иса Нурмагомедов – глава Унцукульского района, заботясь о доверии земляков, пользуется принципом: «Чтобы эффективно решать проблемные вопросы жителей района – нужно их знать».

По словам Исы Магомедовича, чем открыта и доступна власть для населения, тем эффективнее она работает и решает насущные вопросы и проблемы. Это подразумевает и отлаженные партнерские отношения народа и власти, и постоянный конструктивный диалог – так называемая обратная связь.

**Возвращаясь к теме вашей деятельности, расскажите, как происходит взаимодействие с антитеррористическими комиссиями других районов?**

Затруднений никаких по этой линии нет. Активно взаимодействуем с АТК РД и со всеми правоохранительными системами. Также налажены отношения с заместителями глав по безопасности со всеми районами горно - территориального округа. Кроме того, есть заключённые соглашения о взаимодействии с граничащими районами, среди которых Гергебильский, Гумбетовский, Буйнакский, Гунибский и Хунзахский.

Хотелось бы отметить, что все заместители, курирующие вопросы общественной безопасности горно - территориального округа понимают ответственность за свою деятельность и стараются максимально отдать все свои силы.

**Спасибо за открытую и содержательную беседу. Всего Вам доброго.**

**Р. Кебедмагомедова**

# Трейловый забег спорт- марафон «Dagestan Wild Trail» завершился

В Унцукульском районе, как и на территории всей Республики Дагестан 20-21 апреля состоялось спортивно – массовое мероприятие -трейловый забег спорт - марафон «Dagestan Wild Trail».

Марафон, который включил в себя три дистанции на 21, 50 км и 112км. В забеге приняло участие порядка 700 спортсменов не только из России, но и даже из Франции и США.

С участниками забега встретились Руководитель Администрации Главы и Правительства РД Владимир Иванов, Первый заместитель Руководителя Администрации Главы и Правительства РД Владимир Деревянко , Первый вице-премьер Правительства РД Анатолий Карибов, министр по физической культуре и спорту РД Магомед Магомедов, министр по туризму и народным художественным промыслам РД Расул Ибрагимов, полномочный представитель Главы Республики Дагестан в горном территориальном округе Магомед Камилов, депутат Народного собрания РД Магомедов Магомед, глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов, глава Чародинского района Мухидин Магомедов, глава Хунзахского района Нурмагомед Задиев и другие. Ими же были вручены памятные подарки победителям и призерам.

Выступивший с приветственной речью к участникам и гостям, глава муниципалитета Иса Нурмагомедов сказал : «Спасибо руководству республики, организатору и всем участникам, что именно нашему району выпала честь стать частью трассы вашего трейлового забега. Уверен, что мероприятие это будет иметь свое продолжение, и все участники еще раз приедут в Унцукульский района, чтобы очередной раз полюбоваться не только нашей природой и памятниками истории, но и насладиться нашим радушным гостеприимством».

Стартовал марафон, 21км с окрестности села Ирганай, 50 км с Гергебильского района и 112км от с. Гамсутль Гунибского района и завершился в с. Ирганай Унцукульского района.

Мероприятие прошло при поддержке Правительства РД, Министерства по физической культуре и спорту РД, Всероссийской федерации легкой атлетики и Национального бегового движения.

Дандчlвай

# Туризмалъул суалгун



Араб анкьил ахиралда РДялъул правительствоялъул председатель А. Здуновасул тIад къаялда рекъон муниципалитеталда туристазе санагIалъаби чIезариялъе ругел шартIазухъ балагьизе Унсоколо районалде рачIун рукIана РДялъул туризмалъул ва халкъиябгун художественниял промыслабазул Министерствоялъул вакилзабазул группа. Гьезда гъорлъ рукIана пачалихъиял программабазул управлениялъул начальник Н. Рамазанов, министрасул гIакълучи Н.М. МухIамадовги. Гьез ва райадминистрациялъул хIалтIухъабаз киса-кибего хал гьабуна туристал чIезе бакIазул, хIисабалде росана гьенир ток, лъим, канализация букIинаби. ХIалтIулаб группаялъ хIукму гьабуна районалъул гIурхъабаздаги гьединал санагIалъаби ругел чIезе бакIал рукIинаризе.

Хадуб районалъул бетIерасул кабинеталъуб букIана киналго жавабиял гIадамалги дандеЛъун гьеб суалалда хурхун гьаризесел хIалтIаби дандразе тIобитIараб дандельи. Гьениб бихьизабуна туризмалда хурхун цере чIарал масъалаби къокъал болжалазда тIуразе кколин ва жавабиязе кьуна тIадкъаял.

Цlияб тlехь

## «Унсоколоса ЖабрагIил ва Шамилил артиллерия»




ГIагараб ракь лъазабулев чи ва хъадарухъан, нилъер районалъул Генуб росулъа авар ва гIурус мацIазда чанго тарихиял тIахьал къватIире риччарав МухIамаднаби АхIмадович Ибрагьимовас араб соналда къватIибе биччана «Унсоколоса ЖабрагIил ва Шамилил артиллерия» абураб тIехь. Гьениб бицун буго АхIулгохIил рагъул соназда Шамилил къеркьеялъе ярагъ гьабулев чилъун вукIарав Унсоколоса ЖабрагIилил хIакъалъулъ ва рагъуе ярагъ данде гьабураб куцалъул.

Имам Шамиль божулаан гIолилазда. ЖабрагIилил бажари, пикру хIалтIиги бихьун гьес пачалихъияб казнаялдаса гIарацги кьун бусурбабазул улкабазде ярагъ хIадуризе лъазабизе ва хIеж борхизе витIула гьев. Гьесухъа щиб лъугьунеб,-ян тIад релъанхъилел рукIуна цо-цоял. ЛъикIго жиндаго лъалел КъебедхIажиясул тухумалъул чи вукIиналъ Шамилил щулияб божильи бижула ЖабрагIилиде. Гьесул хIакъалъулъ абурал руго Шамилил гьал цIар рагIарал рагIабиги. «Дагъистаналъе махщелчагIи ва гениял цIикIкIун хIажат руго бахIарзаздасаги»,-абурал. Гьедин имам Шамилил рагъулаб артиллерия гIуцIаразул цояв вукIана ЖабрагIил.

М-Н. Ибрагьимовас къватIире риччана «Имам Шамил», «ЦахъахIил», «Ансадерил сверабазда свери босидал», «Ражабилав», «Шайих ГIабдула-хIажи», «АхIулгохIда ахирисеб хоб», «Цевехъан». Хъвана щуго кучIдузул сборник, насихIатал ва. гь ц.

## Пайдаяб малъи

* Иммунитет щулалъиялъе. ГIемерисел унтабазе врачаз лъикIаблъун рикIкIуна черхалъул иммунитет щула гьаби. Сунцаха гьелъие кумек гьабулеб? Пералъ, ражиялъ, С витаминалъ, женшеналъул лъеца, цойги хIанчIазул ханаз. Гьезулъ, ай хIанчIазул ханазулъ буго гIемерал микро ва макро элементал, гьездасан бищунго къиматаб цинк. Щуго хоно цоцалъ жубазабун гьекъани, бокьараб унтуда данде къеркьезе къуват бачIуна.

* Нервабазул унтуда данде – чай. Цо кIудияб емкосталда жанибе бай зверебоялъул, мелисалъул ва мятаялъул хурдузул пачкаби. Журазаре. ГьитIинаб чайникалда жаниб тIаде гьалараб лъимги тIун, чай гIадин гьекъе, къойида жаниб 3 нухалъ. Гьеб цIакъго къвакIараб букIине бегьуларо. Цо чайгъуд бала заваркаялъе.

* Зобалде данде – герань. ТIола гераналъул цо гIаркьел, чурила цо емкосталда жанибги лъун, гьеб бацизегIан тIаде тIе водка. МоцIалъ гьедин тела, хадуб цIвила ва щибаб къойил цо столовияб гъуд гьекъела къойида жаниб 3 нухалъ, кваналалде бащдаб сагIаталъ цебе. гьедин гьабила чанго моцIалъ.

# КIалккун моцI

Баркат-рахIматалъул, рахIмо-цIобалъул
Гьале тIаде щвана Рамазанаб моцI,
Дунял гIуцIулезе гIазаб, гIакъуба
ГIибадат камилаз, квер бачунеб моцI.

КигIан багIариялъ хIал гьабуниги
ХIалакълъуларев, мун, кIалал ккунилан,
ХIабибасул малъи гIадахъ босулез
Босилеб гьелдасан гьарзаго хайир.

Хварал эбел-инсухъ зияраталъ ун
Эзул рухIал рехсон цIалараб къулгъу,
Къасде мажгиталъув, жамагIаталда
Имамасда хадур рарал тарахIал.

Къо гьитIинаб мехалъ ккун гIоларищан
ГIакъло мукъсаназул мекъал пикраби,
Куй бихьун къунцIулеб квасалъул нухи
Исламалде рокьухъ кьолеб ажру-мухь.

Бахъе кIвараб жигар гIибадаталъе
ГIумруялъул инеб, дур цойги лъагIел,
ГIумруялъул къоял, рикIкIун кьурал жал
Кьолой дурго айгъир СиратI бахине.

ГIамал берцин гьабе, гIибадат куце
Цояб камун цоялъ хайир кьолареб,
Бусурманлъиялъул гIорхъи какгин кIал
Киналъулго бетIер, берцинаб гIамал.

Нужер ккурал кIалал, рахъарал сахIал
ХIал кIолев Аллагьас, къабул гьареги,
Гьелъул щвараб кири сабаблъуни ккун
Рахъаги ХIабибгун доб МахIшаралда!

## Дагъабго гьими

Заводалъул столоваялда цояс поваралда абула:

- Дир хIисабалда нужер гьаниб гьел котлетаз щуго къогIаги банин ккола.

- Анкьида жаниб щиб чадие лъугьинеб,-ян жаваб кьола поваралъ.

* * *

Цо-цо мехалъ ракIалда жо чIунгутIиялъулги пайда букIуна. КIочон тана кир тIаса рокъор носкаби лъуралали, дегIениса буссинегIан хъирщана рукъ. Гьале батана кьецисала букIараб нахърател; лъугIизабичIого хутIараб коньякалъул шиша, анцIила щуго сональго цебе бачIун букIараб военкоматалде ахIараб повестка... Огь, букIараб праздник, тIубараб къоялъ кепалда чурана гьеб.

* * *

ГIодор чIун руго кIиго грузин. АскIосан унеб буго хварав вукъизе къокъа. Восун унев вуго хварав.

-Цояс абула «щив дов?» - ян.

-Гиви, тIубараб гIумроялъ хъалиян цIана, гьекъолдана, руччабигун сверана…

Дагъаб заманалдаса нахъеги босун унеб буго хварав лъолеб гъамас.

Гьав щивха кколев?

Гоги. ГьекъечIо, цIачIо, руччабигун сверичIо, цохIо чIужу гIун гIумроялъго вукIана…

- ГIенеккe, гIицIго къого минуталъул гурони батIалъи кколеб гьечIо! давай тIе…!

* * *

Баралда гIодор чIун руго росги лъадиги. Баралъул стойкаялда цеве вахъун чIарав цо бихьинчиги вихьизавун лъадуца росасда абула:

- Гьадав васгун ятIалъана дун анкьго соналъ цебе, доб заманалдаса нахъе гьекъолдулев вуго дов.

- ГIела гьерсал рицарал, гьелгощинал саназ чияс праздник гьабуларо.

* * *

Судалде вачIиналде истецасда жавабчиясул кIиго адвокат ватула. Гьес нахъ бахъичIого жиндирго адвокатаздасан тIалаб гьабула хIалтIудаса кумекалъе коллега ахIизе, адвакат данде вахъуна.

- Гьаб дуе хоккей гуро! Гьанир ругезул къадаралъ судалда тIад кинабгIаги асар гьабуларо.

-ГIенеккея цо адвокат кIалъалеб мехалъ кIиабилев ургъула! Мун кIалъалеб мехалъ щив ургъизе вугев?

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 06. 05. 19 г. 16. 00
фактически -16. 20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.